

Vizite Etablisman Nou yo

Massachusetts General Brigham konprann vizite ak pèsònèl sipò yo se pati ki enpòtan pou sante ou ak byennèt ou. Sekirite pasyan nou yo, pèsònèl nou an, ak kominote nou an enpòtan anpil pou nou. Nou te modifye politik vizite nou an nan dat ki te 15 jen 2021 an. Tanpri li avan ou ale nan etablisman nou yo.

Tout vizite ak pèsònèl sipò ki konsène yo (tankou konjwen, paran/responsab legal pasyan pedyatri yo, mandatè pasyan yo, ak reprezantan pasyan ki gen andikap yo) dwe revize konsilte sitwèb etablisman konsène a pou konnen ki dènye politik yo genyen yo avan menm yo vizite.

Tout vizite ak moun ki pa pou soutyen yo dwe reponn ak **egzijans ki** anba la yo.

- **Brigham and Women's Hospital**
- **Massachusetts General Hospital**
- **Brigham and Women's Faulkner Hospital**
- **Cooley Dickinson Hospital**
- **Martha's Vineyard Hospital**
- **Massachusetts Eye and Ear**
- **McLean Hospital**
- **Nantucket Cottage Hospital**
- **Newton-Wellesley Hospital**
- **Salem Hospital**
- **Rezo Reyabilitasyon Spaulding**
- **Wentworth-Douglass Hospital**

Pou vizite pasyan ki entène yo

Depi 15 jen, lopital Mass General Brigham yo otorize yon vizite OSWA yon reprezantan pou chak pasyan chak jou.

Kapab gen restriksyon pou pasyan ki fin akouche yo kote se yon sèl vizite AK yon reprezantan yo kapab bay otorizasyon, si yo jwenn apwobasyon.

Sa a se pou pasyan yo pa izole paske yo sispèk oswa yo konfime ki gen COVID-19 lan nan inite yo ki kapab reponn ak egzijans ki anba la yo.

Pou vizitè pasyan ki pa pasyan ki entène yo

Depi mwa jen, se yon sèl vizitè oswa reprezantan yo otorize pou ale nan zòn konsiltasyon pasyan ki pa pasyan ki entène yo ye(zòn ki rezève pou pasyan ki pa pasyan ki entène nan lopital lan, pa egzanp, nan sal ijans lan, sal operasyon oswa pwosedi an, oswa klinik yo).

Tanpri note nan kèk sitiyasyon, nou ka limite vizitè yo pou asire sekiite pasyan ak manm pèsònèl la.

Tout vizitè ak moun ki pa pou soutyen yo dwe reponn ak **egzijans ki** anba la yo.

Kondisyon pou tout vizitè ak reprezantan yo

- Yo pral fè tès pou tout vizitè ak moun pou soutyen yo pou gade si yo gen COVID-19 la (lafyè, tous, souf kout, malgòj, frison, doule nan misk, oswa pèt gou oswa pran sant yon lòt fwa). Yo p ap otorize okenn moun ki gen sentom. Yo p ap kite vizitè ansanm ak reprezantan yo ki gen COVID-19 lan rantre. Nan jou vizit lan vizitè ak reprezantan yo **Massachusetts General Brigham ka itilize zouti Kontwòl Alavans** oswa fè yon tès fizikman.
- Tout vizitè ak reprezantan yo **dwe mete yon mask lopital lan bay** pandan tout tan yo nan lopital la; mask yo pa itilize lopital la oswa lòt ekipman pwoteksyon pèsònèl yo pa otorize. Tout vizitè ansanm ak reprezantan yo dwe lave men yo lè y ap rantre nan etablisman an.
- Yo p ap otorize vizitè ak reprezantan yo si yo wè vizit la gen yon gwo risk kontwòl sanitè pou pasyan yo, vizitè a, oswa pèsònèl lan.

Mizajou 15 jen 2021